Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 35 (6496) 18 июль 2016 с. Итни Шавал 1437 с. Багьа 5 гъур.

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЗЕ ККОЛЕА

## Халкъалъе толел чагIи гIакълу-тадбир бугел те

### Гумбет районалда - Дагъистаналъул бетIерасул вакил ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов



**МугIрузул территориалияб округалда Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас Гумбеталда тIобитIана зоналияб совещание. ГIабдулмуслимовасда цадахъ Гумбеталде вачIана ДРялъул бетIерасул ихтияр кодосев вакиласул кIудияв референт МухIамад Дилиев.**

Республикаялъул бетIерасул ихтияр кодосев вакилас халгьабуна автотранспорт хьвадулел нухазул бугеб хIалалъул, щвана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централде, музеялде.

Хадуб тIобитIана семинар-совещание. Гьенир гIахьаллъана Болъихъ, ЦIумада, ГIахьвахъ, ЦIунтIа, Гумбет районазул администрациязул бутIрузул заместителал, росабазул поселениязул администрациязул бутIрул.

Гьеб тадбир рагьана Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** ва кIалъазе рагIи кьуна ГIабдулмуслимовасе. Гьес бицана Дагъистан Республика цебетIеялъул приоритетниял проектал гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIалалъул, МугIрузул соналда хурхун гьарулел ругел хIалтIабазул, кIвар буссинабуна кризисалда бан республикаялда, Россиялда церечIарал масъалабазде. ТIадчIей гьабуна гьединго Дагъистаналъул бетIерас республикаялъул социалиябгун экономикияб рахъалъ нахъеккей лъугIизабиялъе гьабулеб бугеб хIалтIуда, щварал бергьенлъабазда, Дагъистан цебетIеялъул приоритетниял проектал тIураялъул рахъалъ церечIарал масъалабазда. Рорхана улкаялъул, республикаялъул нухмалъулез гIадамазул социалияб хIал лъикIлъи, экономика щулалъи мурадалда гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ суалал. Бицана Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб Думаялде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищизе 2016 соналъул 18 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязда хурхун церечIарал жавабиял масъалабазул.

«Закон киназего цо буго. Гьединлъидал нилъеца тIолабго къуват буссинабизе ккола рищиял Россиялъул Федерациялъул Конституцияги вакиллъиялъул органазде рищиял тIоритIиялъул рахъалъ законалъул тIалабалги цIунун», - ян абуна ГIабдулмуслимовас.

Хадур кIалъазе рахъарал районазул росабазул поселениязул бутIруз бицана жамгIиябгун политикияб, социалиябгун экономикияб рахъалъ бакIазда бугеб хIалалъул, РФялъул Пачалихъияб Думаялде ва ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиялде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул. Рорхана тIуразе ккани республикаялъул органазул кумек хIажалъулел масъалаби.

Совещаниялда гIахьаллъараз кьурал суалазе жавабалги кьуна ГIабдулмуслимовас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ХIАРАКАТ

## Бахчараб хайир тIатинабуна

### Налогалъ хьихьула пачалихъ ва халкъ

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутIрул гIахьал гьарун, тIобитIана данделъи ва хIасилал гьаруна 2016 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIелалда кибго хъвайхъвагIай гьабичIого, налогал кьечIого хIалтIулел ругел загьир гьариялъул бугеб хIалалъул.**

Данделъи рагьана ГIабдулаахIажи ГIабдулкъадировас. Хадув кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул экономикаялъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаев.** Гьес абуна пенсиялъулаб фондалде индувидуалиял баянал ва расчетал кьей райадминистрациялъул хъаравуллъиялда бугилан. 2015 соналъ къотIикъаял хъваразул 97 проценталъ пенсиялъул фондалде взносал кьун руго. Гьеб хIалтIи лъикI гIуцIун буго 2016 соналъги.

(Ахир -ункъабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



МФЦ ва маданият – цого гьакида

-2 гьум.



ЛъагIалида жаниб – 110 операция

-2 гьум.



НурмухIамад ГIалиевасул сахаватаб квер

-3 гьум.



2016-2017 цIалул соналде хIадурлъи

-4 гьум.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо, Тушман вугониги, гIадада хвезе.**
Инхоса ГIали-хIажи



ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# МФЦ ва маданият – цого гьакида

### Цадахъаб хIалтIи хадубккунги камил гьабиялъул суалал

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталда бугеб централъул нухмалъулев, Дагъистаналъул культураялъул** ал «Цо гордухъан» гьариялъул бугеб санагIалъиялъул, тIокIлъабазул.Гумбет районалда политикиял ва маданиял тадбирал кидаго тIоритIула



**мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибиров дандчIвана гIемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул хIалтIухъабигун.**

Филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадовас** гьесда бицана МФЦялъул хIалтIул гIуцIиялъул, пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъ- АхIмадибировасул гIахьаллъигун. Видеокамераялъ рахъула ва хIадурула гьел тадбиразул хIакъалъулъ дискал.

Набигулагьица кIудияб къимат кьуна МФЦялъул филиалалъул хIалтIуе, рагIи кьуна видео ва сурата рахъун, МФЦялъул филиалалъе кумек гьабизе

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

# ЛъагIалида жаниб – 110 операция

### Махщел камилав, квер битIарав хирург

**2000 соналда меседил медалалда Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьебго соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъулаб академиялде ГIабдулбасир Жамалудинов. 2006 соналда багIараб дипломалда лъугIана медакадемиялъул сахгьариялъул факультет. Гьебго соналъ цIализе лъугьана клиническияб ординатураялъул хирургиялъул отделениялде. Ординатура лъугIун хадуб, 2008 соналда хIалтIизе лъугьана республикаялъулаб № 2 больницаялда хирурглъун. 2012 соналдаса ГIабдулбасир хIалтIулев вуго Гумбет районалъул централияб больницаялда хирурглъун. Гьес нухмалъи гьабулеб буго хирургиялъул отделениялъе.**

Гьев вуго гIодове виччарав, унтаразул тIалаб-агъаз гьабулев, махщел камилав, квер битIарав хирург. ЛъагIалида жаниб гIисинал, чIахIиял, цIакъго захIматал 110 ялдаса цIикIкIун операция гьабуна. Гьес хва-



лил кIичIикьа ворчIизавуна чанго чи. Сахлъун унез гьесие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула. ХIалтIул заман лъугIун хадувги рогьинегIан рокъове ине щвечIого больницаялдаго чанги хутIула гьев.

ГIолохъанав хирург, ГIабдулбасир хIалтIула жиндирго лъай борхизабиялда тIадги. «Дица кидагосеб халккола ва пайда босула Россиялъул ва къватIисел хIукуматазул гIалимзаби-хирургазул хIалбихьиялдасан. КIудияб кумек щола интернеталдасанги, гьелъул хIасилалда цIияб къагIидаялъ операциял гьариялда, цIиял дараби лъазариялда хурхун цIикIкIараб кумекги щола, - ян бицана ГIабдулбасирица.

Аллагьас кьеги дуе хадубккунги унтаразе ракIбацIцIадаб хъулухъ гьабизе икъбалги сахлъиги.

**ГIайшат Исламбиева**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# Гъоркьан - ратIа, тIасан – бох, тIадчагIазе – къулагIи

### Партия гьечIониги, щивав чи къеркьезе ккола коррупциялда данде

**«Абе дуца хIакъаб жо, хIинкъичIого, квешабги», - абун хъвана Инхоса ГIали-хIажияс. Сахаб жамгIият букIине ккани, цадахъ лъугьун квешлъиялда ва тIекълъиялда данде къеркьезе ккола.**

Хирияв районцоял, Гумбеталъул тIолабго жамагIат, руччаби, лъимал, баркула нужеда дагьаб цебегIан киналго бусурбабаз кIодо гьабураб кIал биччаялъул байрам, тIадетIадеги рохалида, гьоркьоса чи камичIого, бачIунеб батаги нилъеда тIаде гьеб байрам.

Газеталда макъала хъвай бигьаяб иш гуро, щибаб рагIул жаваб кьезе ккола, законалда данде кколарел статьяби хъвазеги гьукъараб буго. **ХIамзат ГIизудинов** вукIун вуго Гумбет районалъул унго-унгояв патриот, гьединал гIадамал цIикIкIаги районалда. Кинабго хвезабула, жиндие щайилан абурал пикраби рекIелъги ккун, руцIцIунчIеялъ. Нилъеги заман щун буго тIекъалде тIекъабилан ва битIаралде битIарабин абизе. Дир хьул буго «Народ против коррупции» абураб партиялъул (НПК) Дагъистаналда бугеб отделениялъул кьердаги ратилин тIекъаб ишалда тIад рекъоларел гIолилал ва гьеб партиялъул рахъ кколезда лъалеб батиларин Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель **СайгидахIмад АхIмадов** щив чияли, гьес кигIан лъикIал, сахаватал ишал гьаруралали.

Диниял церехъабазеги, районцоязеги, хутIарал дагъистаниязеги цебегоялдаса сахаватлъиялъул квербакъи гIемер гьабуна СайгидахIмад АхIмадовас. Араб гIасруялъул 90-абилел соназдаго, цогидазда ракIалде ккелалдего, СайгидахIмад АхIмадовас хIеж борхизе гIадамал ритIана. Гьанжего гьанже гIадамал хIежалде ине риччараб заман букIана гьеб. Жиндица гьабураб лъикIлъи бицунеб гIамалги гьечIо гьесул, гьабулев вукIин гурони. Цо-цояз тIекъал гьерсал гьесул хIакъалъулъ тIиритIизариги, гьесул мунагь ккун букIун батани, гьеб чуризе бахъараб ахIи батила.

ГIемераб батIи-батIияб заман букIана Гумбет районалда, район кибехун бугебалицин лъалароан. Гьанже, гьелъул гIаксалда, цебесеб кьерда буго район, баркала кьезе лъачIониги, руцIцIухIунгIаги чIани, лъикIаб букIина.

АбичIого гIоларо, НПК партиялде лъугьинчIел чанги гIолилалги чIахIиял гIадамалги руго, гьеб квешаб унтуда данде рагъулел. Дагъистаналъул бетIер **Рамазан ГIабдулатIиповас** абулеб буго, жиндие кумекалъе коррупциялда данде рагъ гьабизе рахъаян. Дагъистаналда руго азаридаса цIикIкIун жамгIиял гIуцIаби. Гьезул кьеразулъги руго гIемерал чагIи, жидер гIемерисел коррупциялда данде гIицIго «кагъаталда» «рагъулел».

Жакъа лъицаниги гьукъун гьечIогурищ, щивасул росдадасан байбихьун, тIекълъи гьабулезда, нилъехъа ришват тIалаб гьабулезда, сверухъги рукIун, нилъ ралъаргъулел ругезда кколеб рагIи абизе! Нилъеца гьединаб хIакъаб рагIи абуни, гьел коррупционерал нахъе къазе руго. Щай нилъеца фейсбукалда ва цоги сурсатазда рахъуларел унтарасухъа гIарац тIалаб гьабулелги цIализе лъимер босаралъухъ гIарац бахъулезулги, - гьеб коррупциялъул армиялъул бицунел макъалаби. Гьединаб къеркьей гьабизе, батIаго партия хIажалъуларо. Депутаталлъун вахъине бокьарасе рес буго жиндирго цIаргун кандидатлъун вахъинеги.

ГIадамазул бетIер сверизабизе бегьуларо. Нилъеда жеги кIочене заман щун гьечIо 1999 сонги, «Россиялъул бусурбабазул союз» абураб гIуцIиги, гьединаб куцалда политикаялда гьоркьобе дин рехиялъ ккарабщинабги. ЛъикI ругеб заманалда лъикIлъи хIехьон чIезе ккела. Нилъедаса гIемер рикIкIад гьечIо Сирияги, ГIиракъги, «ИГИЛги» («ДАИШ»), питнакьалги, гьелда гьорлъе дагъистаниял цIалелги камулел гьечIо.

Диниял церехъаби гьоркьор ккун, ратIа тIун чIезе нилъ бегьуларо. Дагъистаналда цIикIкIунисел бусурбаби руго, щайха цоцаз ралъаргъулел, цояз гIурччинал такъияби лъун, цогидаз чIегIерал такъияби лъун. Гьедин рикьун рукIинчIого, цадахъ рукIине ккела, илбис цебе билълъинабичIого.

Нилъ ратIа тIезаризе къачIадулел руго къватIисел пачалихъазул тIадчагIи. Россиялъул президент Владимир Путиница хитIаб гьабулеб буго живгун цадахъ рукIайилан, цолъун, пачалихъ цебетIезабизе квербакъеян. Дагъистаналъул бетIер Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIиповас малъарабги гьабун, гьес цIар чIварав чиги депутатлъун вищун, чIани, нилъее лъикI букIина. Борис Ельцинил заманалдаги, «БагIараб Дагъистанин» цIарги кьун, ракъуца хвезаруна нилъ. Нилъерго тIалъиялъухъ, нухмалъулезухъ гIенеккичIони, нилъер иш лъикI букIинаро.

Гьаб макъала хъвалевги вугелъул, гIумруялъул лъикIаланго болъодул гIучIалги тун ругелъул, дунял бихьарав чиги вугелъул, абила - щивав коррупционерасе кьвараб гIадлу гьабулебанищан анищалда вуго дунги.

ГIадамал мискинлъанагIан, нилъедаса цIоко бахъизе къачIан щай ругел цо-цоял? Гьеле коррупциялъул эбел - гьелда тIад ургъизе ккола, хIаракат гьабизе ккола, квешлъиялда тIад рекъечIого, тIекълъиялда мал базе, гьелъие цебего заман щун буго.

ГIемерал сахаватал гIадамал рахъана Гумбет районалда. Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев лъикIлъаби гьарулаго гIумру тIамулев чи ккола. Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул божарав чиги вуго гьев. Росу-ракъалъухъ балагьичIого, сахав чиясда божилъи гьабизе ккола нилъеца. Гьедин гьабуни, район жеги цебетIела. ГIемерал мажгитал, нухал, больницаби рана НурмухIамад ГIалиевас Дагъистаналда ва хас гьабун Гумбет районалда. Рехсезе хIалкIоларелгIан пайдаял ишал гьаруна гьес.

Гумбет район чIухIизе ккараб жо буго гьел депутатал нилъеца рищизе нилъее щвей. «Поддержка курса Главы РД» абураб ДРООялъ 2015 соналдаса хIалтIизе байбихьана Гумбеталдаги. Гьаб жамгIияб идара республикаялдаги цебесеб кьерда буго, лъаларезда лъазеги букIине, абила республикаялда гьеб гIуцIиялъ чIобого гIемерав чиясул мурадал тIуралел руго, цIакъго кIудияб кIвар кьола коррупциялда данде рагъ гьабиялде, цониги тIаде босараб хIалтIи гъоркьги толаро, нижер кьеразулъ республикаялда гIемерал гIадамал руго, районцоялги ахIула гIахьаллъи гьабизе. Нужги гIахьаллъани, щиб лъалеб, нилъеда гьаб коррупцияйин жинда цIар бугеб рак унтуе дару гьабун бажаризеги бегьула, нилъее квекIен гьабулев щивгIаги чиги гьечIо, макьидаса рорчIизе цебего заман щун буго. Ахиралдаги абила, ХIамзат ГIизудинов гIадинал унго-унгоял патриотал республикаялда цIикIкIине бокьилаан, нижер организациялъе чIухIилъун букIина гьев гIадинал гIадамал нижер кьерда ругони, гьесда гьарула нижер кьеразулъе лъугьаянги.

**Сайпудин АхIмадов,
Дагъистаналъул бетIерасул политикаялъул рахъкколеб республикаялъулаб идараялъул Гумбеталда бугеб гIуцIиялъул нухмалъулев**

ТАРИХАЛДА ЛЪАЛКI ТАРАЛ БАКЪЛЪУЛАЛ

# НурмухIамад ГIалиевасул сахаватаб квер

**Машгьурав пачалихъияв хIаракатчи, политик, энергетик НурмухIамад ГIалиевасул хIакъалъулъ рагIи**

**Гумбет районалдаса махщел, гьунар бугел гIадамазда гьоркьоб хасаб бакI ккола ГIалиев НурмухIамад ГIалиевичас. Гьев гьавуна Аргъвани росулъ колхозчиясул хъизамалда. Аргъвани гьоркьохъеб школа лъугIизабуна 1970 соналда ва НурмухIамадица захIматалъулаб хIаракатчилъиялда байбихьана ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалда «Чиркейгэстрой» управлениялъул бетоналъул магIишаталъул комбинаталъул тIоцебесеб разрядалъул слесарьлъун хIалтIиялдасан. Гьеб комбинаталъул хIалтIухъабазул цокIалаб хIалтIуда, бажариялда, гIуцIи буголъиялда бараб иш гIемераб букIана лъел электростанция балеб дол соназда.**

ГIолохъанав НурмухIамадица кIвар кьуна лъай, махщел камил гьабиялде. Советияб Армиялде ахIулеб 1972 соналде, гьев вахъана щуабилеб разрядалъул слесарьлъун. ХIалтIуда цадахъго бачана цIалиги. ЛъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб политехническияб институталъул инженерниябгун ралел бакIазул факультеталъул къасисеб филиал. Армиялда тIадаб хъулухъ тIубан хадув тIадвуссана живго хIалтIулеб коллективалде.

НурмухIамадилъ гьитIинго бижана гIуцIаруханасул махщел. ГIадамалгун хIалтIизе, батIибатIияв жавабиял масъалаби тIураялде гьезул къуват буссинабизе бажари букIиналъ, гьев вищана байбихьул парторганизациялъул секретарьлъун.

1974 соналда НурмухIамад тIамуна бетоналъул заводалъул сменаялъул нухмалъулевлъун. Хадуб хъулухъалъул болъоялъ соналдаса соналде тIадегIан вахана. 1977 – 1983 соназда «Чиркейгэсстрой» гIуцIиялъул бетIерав инженерасул заместительлъун ва бетIерав инженерлъун, 1983 – 1988 соназда гьебго идараялъул промышленниял предприятиязул комбинаталъул нухмалъулевлъун, 1988 – 1992 соназда производственниябгун технологиялъулаб комплектациялъул управлениялъул нухмалъулевлъун, 1992-1994 соназда «Чиркейгэсстрой» балеб бакIалъул управлениялъул нухмалъулевлъун хIалтIана.

Гьел соназда ГIалиевас лъикIал гьоркьорлъаби чIезаруна ЧIикIабгэсстроялъул ралел бакIазде хIажатаб къайи, бакIал раялъул материал бачIунел предприятиязулгун. Гьеб мурадалда живго НурмухIамадги, гьесул кумекчагIиги щвана Уралалъул, Сибиралъул, Казахстаналъул, Прибалтикаялъул, Москваялъул, Киевалъул, Закавказьялъул, Белоруссиялъул, Молдавиялъул ва цогидалги предприятиязде. Гьелъ рес кьуна ралел бакIазде хIажатабщинаб жиндир заманалда щун, хIалтIи гьоркьоб къотIичIого тIубазабизе, лъел электростанциял гIужда хIалтIизе риччазе.

Производственниябгун технологическияб комплектациялъул управление доб заманалда букIана гIемер батIиял бакIал раялъе хIажалъулел материалал хIадурулеб бакI. Гьелъ гьорлъе рачунаан бетон гьабулел заводал, цIул хIалтIизабулеб комбинат, арматураялъул участок, маххулгун бетоналъул конструкциязул предприятиял ва цогидалги. ЧIикIаб ва Миякьор лъел электростанциял ралел бакIазде гуребги, гьеб управлениялдаса бакIал раялъул материал унаан Гъизилюрт шагьаралда, Дубки поселокалда ва республикаялъул цогидал шагьараздагун районазда ралел ругел чIахIиял объектазде. «Чиркейгэсстрой» идараялъул нухмалъулез НурмухIамадида ва гьесул махщализда тIадкъалаан нахъахутIарал участкаби церехун рачине, тIадегIанаб махщалил хIалтIи тIалаб гьабулел ишал тIуразе. Гьединаллъун рукIана Миякьоб, ЧIикIаб лъел электростанциязул сангарал, минаби, Гьизилюрталда заводал рай ва цогидалги хIалтIаби.

«Чиркейгэсстрой» бакIал раялъул управлениялъул нухмалъулевлъун хIалтIизе лъугьараб 1992 соналъул 30 марталдаса хадуб, акционированиеги гьабун гьесул хъулухъалде цIар «Чиркейгэсстрой» ОАОялъул генералияв директор абун тана. НурмухIамадица ОАОялъул управлениялъул аппаратaлде рачана иш лъалел, хIалтIи лъикI гIуцIулел, хIалбихьи бугел гьалмагъзаби. Лъел электростанциял раялъул хIалтIи хадубккунги Дагъистаналда цебетIеялъе гьелъул кIудияб кумекги ккана.

ЗахIматаб заманалда базе байбихьана Рихьуниб ГЭС. 90 абилел сонал рукIана улкаялда ва энергетикаялда чIахIиял хиса-басиял ккараллъун, Россиялъул ва Дагъистаналъул гидроэлектростанциял ралезе захIматаб заманлъун. Рихьуниб ГЭС балезе чанго моцI унаан харж щоларого, хIалтIи рехун тун унезул къадар цIикIкIунеб букIана. Гьеб хIалалдаса рорчIиялъе ГIалиевасда нухал ратана, дандчIвалел захIмалъабазе гьев къуркьичIо, къеркьана бугеб хIал хисиялъе гIоло. Жиндирго командаялде рачарал гьалмагъзабиги хьолбохъ эхетана, цадахъ лъугьун хIалтIана, жидеде гьабураб божилъи ритIухъ гьабуна.

Гьайбатаб букIинеселъе гIоло хIаракатав къеркьохъан НурмухIамадица, финансовияб хIал лъикI гьечIониги, цIия-цIиял махщалилаздалъун лъел электростанциял ралел бакIал хьезаризелъун, цIунана цIалул комбинат. Дагъистаналъул техническияб университеталде гидротехническияб факультеталде ва улкаялъул цогидал вузазде цIализе витIана 200-ялдаса цIикIкIун гIолилав. Гьел рукIана электростанциял ралезул лъимал, гьенир хIалтIизе рачIарал гIолохъанал хIалтIухъаби.

Живгоги хIалтIана махщел камил гьабиялда, лъай



борхизабиялда, хIалбихьи щвеялда тIад. Гидротехникаялда бечедаб хIалбихьи ЧIикIаб, Миякьоб, Рихьуниб электростанциял ралаго щун бугониги, гьес лъазаруна дуниялалъулго гIелмиялгун техникиял церетIеял, гидротехническиял бакIал раялъул хIалбихьиял. Гьеб мурадалда НурмухIамад щвана Америкаялде, Германиялде, Китаялде, Швециялде, Франциялде, Бразилиялде, Швейцариялде ва цогидалги улкабазде. Инженерлъиялъулгун техникиял хIалтIухъаби, нухмалъиялъул кадраби командировкаялъ ритIана Германиялде, Индиялде, Франциялде, Таджикистаналде, Грузиялде ва дуниялалъул цогидал пачалихъазде.

1993 соналда ГIалиевас гIуцIана нухал гьариялъулгун гьел къачIаялъул управление. ЦIияб Рихьуниб минаби, социалиялгун маданиял бакIал раялъе, лъеда гьоркье ккарал ракьаздаса гочарал гIадамазе рукъзал хIадуриялъе, СМУялги рагьун, Унсоколо районалда гIемераб хIалтIи гьабуна.

Нухмалъулев хIисабалда, НурмухIамадица хъаравуллъи кколаан жидеде гьабураб божилъи къабул гьарурал хIукмаби хIалтIухъабаз тIураялда хадуб. Живго ун халгьабулаан киналго ралел бакIазда хIалтIи иналъул бугеб хIалалъул. Рихьуниб ГЭС балеб заманалда, НурмухIамадица гьенире къабул гьаруна республикаялъул, «ЕЭС России» РАОялъул нухмалъулел, балеб бакIалде рачIана Россиялъул Федерациялъул хIукуматалъул председатель Черномырдин, РФялъул хIукуматалъул Председателасул заместитель Рамазан ГIабдулатIипов, Россиялъул БахIарчи МухIамад ТIолбоев, Россиялъул парламенталъул депутатал. Гьез киназго кумек гьабуна Рихьуниб ГЭС бан лъугIизабиялъе.

1998 соналда гIуцIана «Сулакэнерго» ОАО. Гьелъул Генералияв директорлъун тана НурмухIамад, «Чиркейгэсстрой» ОАОялъул нухмалъулевлъун тIамуна МухIидин МухIидинов. ГIалиевасул гьунаралъ, гIуцIарухъанлъиялъулаб хIаракатчилъиялъ «Сулакэнерго» ОАО лъугьана «ЕЭС России» РАОялъул компаниялъул церетIуразул цояблъун. ЗахIматаб заман букIаниги, Рихьуниб ГЭСалъул тIоцебесеб агрегат хIалтIизе биччазе кIвана 1998 соналда. Божизе захIматаб хIалтIи гьабуна НурмухIамадица гьеб заманалда, щиб рес батунги, кинаб къагIида ургъунги, Рихьуниб ГЭС бай гьоркьоб къотIизе течIо, сурсатал камун течIо. ТIоцебесеб агрегат хIалтIизе биччаялъулъ гьесул буго, тIоцебесеб иргаялда, аслияб бутIа. Гьеб захIматалъулаб бергьенлъиялъе гIоло НурмухIамадие кьуна Бихьинчилъиялъул орден. Гьеб орденалъ бихьизабула гьесул бихьинчилъи ва бахIарчилъи, лъел электростанциял раялъул тарихалда гьоркьоб.

2007 соналде щвезегIан НурмухIамад хIалтIана «Сулакэнерго» ОАОялъул Генералияв директорлъун. ХIалбихьи бугев нухмалъулес Рихьуниб ГЭС бан лъугIизабиялде кIвар буссинабуна. 2002 соналда хIалтIизе биччана гьеб электростанциялъул кIиабилеб агрегат. 2007 соналда сангаралъул борхалъи проекталда бихьизабураб манзилалде бахана, агрегатазул къуват цIикIкIана.

Хадубккунги разе байбихьана Сулахъалъул каскадалда электростанциял. 2007 соналда байбихьана ГьоцIалъ ГЭС базе.

ГIадамазул хIажалъабазде кIвар кьун балагьулев, гьезул мурадал тIуразе хIаракат бахъулев, гьездехун рекIел гурхIел бугев, гьезул рахъ кколев ва кумек гьабизе хIадурав гIадатияв инсан вуго НурмухIамад. Гьединлъидал, гьесухъе гIемер рачIуна гIадатиял хIалтIухъабиги, машгьурал бизнесменалги, учительзабиги, тохтурзабиги, пачалихъиял ва жамгIиял хIаракатчагIиги, диниял церехъабиги.

ГIалиев вуго цIагIадав патриот ва унго-унгояв интернационалист. Гьесул хIаракаталдалъун АхIулгохIда гIуцIун буго мемориалияб комплекс. Кумек гьабула ресукъазе. Рана мажгитал ва мадрасаби ЧIикIаб, ЦIияб Рихьуни росулъ, Унсоколоб, Шамильхъалаялда, Аргъвани ва цогидалги росабалъ. Дагъаб гIарац гуреб харж гьабураб Дагъистаналъул имам ГьазимухIамадил зиярат ва цогидалги бакIал къачIаялъе. НурмухIамад ГIалиевасул фондалдасан цIалулъ церетIурал ва цIакъго хIажалъи бугел студентазе гIарац кьола.

НурмухIамадица сурсатал риччана чанго бакIалде лъим бахъизе, нухал гьаризе. Бана ЦIияб Аргъвани росулъ 10 койкаялъе бакI бугеб участковияб больницаялъе кIудияб мина. Щибаб къойил гIадамаз баркала загьир гьабулел ишал гIемер рехсезе бегьула.

Гьесул захIматалъулаб биографиялда рехсезе ккола 2001-2006 соназда Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул бетIерасул заместительлъун вукIараблъиги. Цадахъго тIубалеб букIана «Сулакэнерго» ОАОялъул нухмалъулесул хIалтIиги. Вице-премьерас кураторлъи гьабулеб букIана республикаялъул экономикаялъул электроэнергетикаялъул бутIаялъе. ГIалиевасулаб къагIида хIалтIизабуна гьеб хъулухъалдаги. Хехаб къагIидаялда тIуралаан Болъихъ рагъулаб шагьар, гIорхъабазул застава баялъул, Терек гIорул рагIаллъаби щула гьариялъул ва цогидалги масъалаби. НурмухIамадил гьариялда рекъон вице-премьерасул хъулухъалдаса гьев эркен гьавуна, гьесие бокьун букIана «Сулакэнерго» ОАО тIубараб къуваталда хIалтIизабизе, Рихьуниб ГЭС лъугIун хадуб, ГьоцIалъ ГЭСги базе. Гьесул ва цадахъ хIалтIулезул мурад тIубана.

НурмухIамад ГIалиевасул захIматалъулаб хIаракатчилъиялъе тIадегIанаб къимат кьуна ВатIаналъ. Цебехун рехсовухъе гьесие щвана орден. МустахIикълъана «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав бакIал ралев чи», «ХIурматияв энергетик», «Россиялъул ЕЭСалъул мустахIикъав хIалтIухъан» абурал цIаразе. Щвана «ГОЭЛРОялъул планалъ 80 сон», «ГОЭЛРОялъул планалъ 85 сон» абурал каранда ралел гIаламатал.

НурмухIамад ккола экономикиял гIелмабазул кандидат, Россиялъул экологиялъул академиялъул академик, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат.

ГIемераб хIалтIи гьабуна ва хадубккунги гьабизе ракIалда буго Россия, гIагараб Дагъистан тIегьазабиялъе гIоло НурмухIамад ГIалиевасда.

**Муса Расулов,**
**1970 – 1987 соназда КПССалъул Гумбет райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIарав.**

ТIИБ

# Кванирукъалъул унти сахгъабуна

## ЦIияб Аргъвани больницаялъул хIалтIухъабазе – ракI-ракIалъулаб баркала

**Гъаб соналъул 25 маялда кванирукъ унтун дун ккана ЦIияб Аргъвани участковияб больницаялде. Дида гьенив ватана бетIерав тохтур Ибрагьим ХIайбулаев, медсестра Мадина ГIабдулпатахIова. Гьез дун къабул гьавураб куц, гьезул ракIазул разилъи бихьун, дида ракIалде ккана гьанив дун дару гьабичIониги хехго сахлъилин.**

Дун вегизавураб палатаялда бугоан кIиго диван, кроват, ретIел жаниб лъезе шифоньер, вешалка, къеда сагIат. Палатабазда жаниб санитаркабаз чIезабун бугеб рацIцIалъиялъул бицани, гьеб бихьани гурони чи божиларо. ТIагIамаб, кваначIониги берцинаб махIалъ гIорцIилеб, квен гьабулеб буго богогьан РахIима ХIайбулаевалъ. Дица гьелда цIехана гьадигIан тIагIамаб квен гьабизе мун кий ругьунлъараян. Гьелъ абуна чанго соналъ цее жий МахIачхъалаялда рестораналда богогьанлъун хIалтIулей йикIанилан. Квенги унтарасул заказалда рекъон гьабулила. Завхоз МухIамадица рачIунила жиндир заказалда рекъон больницаялъе кванил нигIматаги.

Дида ккана гьенир дежурствоялда ругел тохтурзаби, медсестраби рогьинегIан кьижуларел ратилин. РогьинегIан 2 – 3 нухалъ палатаялъуре унтарав киндай вугоян халгьабизе рачIуна гьел.

Бокьун буго дие районалъул «Гумбет» газета гьоркьоб ккун, Аргъвани участковияб больницаялда хIалтIулел ругел киналго хIалтIухъабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, талихI, рохел, икъбал, хIалтIулъ бергьенлъи.

**АхIмад Расулов, МелъелтIа росу**

# Бахчараб хайир тIатинабуна

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** ЗахIматалъулал кьотIи-къаял гьаричIел тIатунел руго бакIал ралезда, базаргабазда гьоркьор, росдал магIишаталда.

Райадминистрациялъул бетIерасул распоряжениялдалъун (2015 с. 9 февраль, № 3) гIуцIун буго муниципалияб комиссия. Районалъул бетIерасул хIукмуялдалъун гIуцIун буго 6 рейдовияб бригада. Халгьабиялги тIоритIун, гьез тIатинарулел руго букIине ккоВеб хьвай-хьвагIай гьабичIел, гьединго законалъул тIалабал хвезарун чияр захIматалдаса пайда босулел предпринимателал.

Данделъиялда кIалъазе рахъана ва кибго хьвай-хьвагIай гьабичIого ва налогал кьечIого хIалтIуда ругел тIатинариялъе гьабулеб бугеб хIалтIул, хадубккун гьаризесел тадбиразул бицана районалъул заместителал **РурухIма Халидовас ва ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ

# 2016-2017 цIалул соналде хIадурлъи

## Гумбет районалъул нухмалъулез халгьабуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул

**13 июлалда Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал АхIмад Сулаймановас ва Малик Маликовас, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, райадминистрациялъул ишазул управляющиясул гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул суалазул рахъалъ заместитель ГIабдурахIман Дайтмирзаевас халгьабуна лъайкьеялъул учреждениял цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул.**

Гьез халгьабуна классазул, спортивиял байдабазул, дандчIвана школазул хIалтIухъабигун. ТIоцере районалъул нухмалъулезул вакилзаби щвана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде. Школалъул директор **Эльмира МухIамадовалъ** рихьизаруна ремонт гьабурал классазул кабинетал. «Ремонталъул хIалтIабазе биччан буго 100 азарго гъурущ, гьабизе хIалтIийин абуни жеги гIемераб буго. Гьединлъидал спонсорал цIазе ккола гьеб ишалъулъе», - ян абуна МухIамадовалъ.

Халгьабуна ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул ва ясли-ахалъул. Гьенир ахиралде щолел ругоан ремонталъулал хIалтIаби.Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас бицана гьабсагIат киналго школазда тIадран унел ругин ремонталъулал хIалтIаби.



Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **Малик Маликовас** абуна лъайкьеялъул учреждениязда хъаравуллъи чIезаби лъикI гIуцIиялде, терроризмалде данде чIарал тадбирал тIоритIиялде кIвар буссинабизе ккелилан.

**ГIабдурахIман Дайтмирзаевас** тIадчIей гьабуна школазул нухмалъулез цIаккеялдаса цIуниялъул тадбирал гьариялде, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул заманалда тIуразаризе кколел ишал ричIчIинариялде пикру буссинабизе ккеялда.

**АхIмад Сулаймановас** абуна гьаб соналъ школал цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъе хIажатал шартIал гIуцIун ругин, жиндир заманалда гIарацги биччанин. Ремонталъулал хIалтIаби 15 августалде лъугIизаризе кколин ва гьелдаго цадахъ хъаравуллъиялъул органаз рихьизаруралги, хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул тадбиралги тIуразе ккелин.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» газета – бакълъулазул тарих

## Подписка – 2016

**Хириял районцоял! Ахиралде щолеб буго 2016 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьаби. Районалда гIадатлъун лъугьун буго газета почалъул отделениялдасанги редакциялдасанги хьвай.**

Редакциялдасан учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъабаз райгазета хьван буго тIубараб лъагIалиего. Почалъул отделениялдасан гIемерисез тIоцебесеб бащдаб лъагIалие гьабун букIана, лъагIалиего цадахъго гьабичIого. КIиабилеб бащдаб лъагIалие почалъул отделениялдасан райгазеталъул багьа 183,48 гъурущалде бахун буго.

Багьаялда тIаде бачIараб дагьабго гIарацалъухъ балагьичIого, районалъул гIумру бихьизабулеб матIу «Гумбет» газета кIиабилеб бащдаб лъагIалиеги хьвазе букIиналда ракIчIараб буго информациялъул отделалъул.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, газета цIалулел, нужер хIаракаталдалъун кIвезе буго райгазеталъе, кIиабилеб бащдаб лъагIалие хьван букIаралдаса цIикIкIинабизе. Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун газета хьвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

Гьанжеялде райгазетал хьваялъе хIаракатчилъи бихьизабун буго МелъелтIа, Данухъ, ЛъаратIа росабазул администрациял, жидеца почалъул отделениязде гIарацги рехун, кIиабилеб бащдаб лъагIалие 100 – 30 - 20 «Гумбет» газета хьварал. ЛъикIаб букIинаан цогидал администрациязе нухмалъулезги гьездасан мисал босани.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



МелъелтIа росу

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.